**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**АМР «Хунзахский район"**

**МКОУ «Ободинская СОШ»**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| На педагогическом совете | Заместитель директора по УВР | Директор школы |
| ______________________ | ______________________ | ______________________ Хабибова П.М. |
| Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Магомедова З.Г. От «31» августа 2023 г. | Приказ № 2 от «01» сентября 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родной язык и литература»**

для обучающихся 10 –11 классов

Обода

2023 год

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1вараялъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

V - IX классазда авар мац1альул курсалъул г1уц1и

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, V - IX классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац!алъул х!акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V, V1 ва VII классазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «лексика», «раг1и льугьин», «предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «глагол» V, VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел

классазда малъула гьваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч1вала байбихьул классазда лъималаз лъай- хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун . Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

**Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух** буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пункталда гъоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан к1алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинениялдалъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргьа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

**Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби цереч1езаризе, раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, тексталъул бут!абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-батТиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен ккваялъулги. Гьелъги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г!аммал ва хасал рахьал ч1езаризе, ай цого классалда гьеб к!иябго лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарскьей чара гьеч!еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац!алъул х1акъалъулъги.

## Авар мац1 10 класс

| № п/п | Дарсазул темаби | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Программаялъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Халкъалъул г1умруялъулъ мац1алъул к1вар лъай;<br>2. Авар мац1алъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьей;<br>3. Маг1арул мац1 ва гьелъул диалектал малъи | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | | |
| 2 | Стилистика ва каламалъул культура | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авар литературияб мац1алъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей. Халкъияб ва литературияб мац1 бат1а гьабизе лъай<br>2. Стилистикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей. Литературияб мац1алъул хаслъаби рак1алде щвезари | Стилистика ва каламалъул культура | | |
| 3 | Лексика ва лексикология | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Лексикаялъул ва лексикологиялъул х1акъалъулъ цебехун малъараб материал щула гьаби;<br>2. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на бук1ин лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Лексика ва лексикология | | |
| 4 | Синонимал. Антонимал. | 1 | Малъараб | 1. Синонимал, | 5-5 мисал | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Омонимал | | г1амлъизаби | антонимал, омонимал каламалъулъ х1алт1изаризе лъай;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | бачине | | |
| 5 | Фразеология | 1 | | 1. Фразеологиялъул ва фразеологиял сверелазул х1акъалъул баянал гъварид гьари;<br>2. Фразеологиялъул дандраялгун предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 10-20 фразеологиял сверелал рек1ехъе лъазаризе | | |
| 6 | Бит1ун аби ва интонация | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Орфоэпиялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>2. Гъалат1ал риччач1ого, бит1ун к1алъазе бугеб бажари борхизаби;<br>3. Г1урус мац1алдаса рач1арал раг1аби бит1ун абизе ругьунлъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 10-20 раг1и г1урус мац1алдаса бач1араб хъвазе, ударениеги лъун. 10 раг1и хъвазе нилъер росулъ, гъалат1ал риччан, абулеб | | |
| 7 | Бит1ун аби ва интонация. Логикияб ударение | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Интонацияги ц1унун, бат1и-бат1иял тайпабазул предложениял ц1ализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2-2 бат1и-бат1иял тайпаялъул предложениял г1уц1изе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 8 | Контролияб диктант. Рит1уч1ил бурут1 | 1 | Х1асил гьаби | Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 9 | Графика | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Графикаялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Графика | | |
| 10 | Бит1унхъвай ва пунктуация | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авар орфографиялъул аслиял къаг1идаби. Авар мац1алъул бит1унхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай-хъвай гьаби;<br>2. Лъалхъул ишараби ва гьезул к1вар;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Бит1унхъвай ва пунктуация | | |
| 11 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 | Комбин. | 1. Раг1и ва раг1ул формаби лъугьунел къаг1идаби ва, гьел формаби лъугьунаго, раг1ул кьибилалъулъ колел хиса-басиял рихьизари;<br>2. Раг1и морфемабазде биххизе ругьун гьари. Бат1и-бат1ил морфемабаздалъун ц1иял раг1аби лъугьинаризе лъазе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Морфемабаз-далъун 10 раг1и лъугьинабизе | | |
| 12 | Предметияб ц1аралъул морфологиял категориял | 1 | Комбин. | 1. Предметияб ц1аралъул морфологиял категориязулгун лъай- | Морфологиял категориял | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | хъвай гьаби (цебе малъараб г1амлъизаби);<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 13 | Предметияб ц1аралъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Ц1алдохъаби предметияб ц1аралъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 предметияб ц1аралъул разбор гьабизе | | |
| 14 | Прилагательное. Гьелъул морфологиял хасиятал | 1 | Комбин. | 1. Прилагательноя-лъул морфологиял хасиятал рак1алде щвезари ;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Прилагатель-ное. Гьелъул морфологиял хасиятал | | |
| 15 | Прилагательно-ялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Прилагательноя-лъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 прилагатель-ноялъул разбор гьабизе | | |
| 16 | Рик1к1ен | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Рик1к1еналъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Г1адатал, журарал ва составиял рик1к1енал рат1а гьаризе лъай;<br>3. Рик1к1еназул бит1унхъвай малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Рик1к1ен | | |
| 17 | Рик1к1еналъул морфологияб разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Морфологияб разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Калам цебет1езаби | 2 рик1к1ена-лъул разбор гьабизе | | |
| 18 | Калам цебет1езаби. | 1 | Калам | 1. Ц1алдохъабазул | Изложениялъе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Эбелалъул гъадаро | | цебет1езаби | к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Эбелалъе гъадароялъул хиралъи щай бугебали лъай | х1адуризе | | |
| 19 | Изложение. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Эбелалъе гъадароялъул хиралъи щай бугебали лъай | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 20 | Ц1арубак1. Ц1арубак1азул разрядал ва бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Ц1арубак1алъул х1акъалъулъ бугеб лъай гъварид гьаби (т/гь.);<br>2. Ц1арубак1алъул разрядал рак1алде щвезари;<br>3. Ц1арубак1азул бит1унхъвай такрар гьаби | Ц1арубак1 | | |
| 21 | Ц1арубак1алъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Цебехун малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1арубак1алъул разбор гьабулеб къаг1ида малъи;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2-3 ц1аруба-к1алъул разбор гьаби | | |
| 22 | Глагол. Гьелъул грамматикиял г1аламатал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Цересел классазда малъараб материал такрар гьаби (г1амлъизаби);<br>2. Переходный ва непереходный глаголазул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Глагол | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 23 | Глаголалъул заманаби ва наклонениял. Глаголазул бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Глаголазул заманаби ва наклонениял рат1а гьаризе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Глаголазул бит1унхъвай рак1алда щвезаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Глаголазул бит1унхъвай | | |
| 24 | Причастие | 1 | Комбинир. | 1. Причастиялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Причастиялъул глаголазда ва прилогательноязда релълъарал рахъал рихьизари;<br>3. Цебе малъараб материалалъул хал гьаби;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Причастие | | |
| 25 | Деепричастие | 1 | Комбинир. | 1. Деепричастиялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул бугеб бич1ч1и г1амлъизаби;<br>2. Деепричастиегун раг1абазул дандраял г1уц1изе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Деепричастие-гун 5 предлож. г1уц1изе | | |
| 26 | Калам цебет1езаби. Ишалъул кагътал | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Г1арза ва лъазаби хъвазе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Газеталъе макъала хъвазе | | |
| 27 | Наречие. Гьелъул | 1 | Комбинир. | 1. Наречиялъул | Наречие | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | грамматикиял г1аламатал | | | х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Наречиялъул грамматикиял г1аламатал малъи;<br>3. Наречиязул бит1унхъвай малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 28 | Наречиялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Наречиялъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 наречиялъул разбор гьабизе | | |
| 29 | Союзал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Союзазе баян кьей;<br>2. Союзазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Союзал гъорлъ ругел предложениял каламалъулъ х1алт1изаризе лъай | Союзал | | |
| 30 | Частицаби | 1 | Комбинир. | 1. Частицабазе баян кьей;<br>2. Частицабазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Частицаби каламалъулъ х1алт1изаризе лъай | 5 предложе-ние частицабигун г1уц1изе | | |
| 31 | Хадурег1ел | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Хадурег1елалъе баян кьей;<br>2. Хадурег1елазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Хадурег1елалги наречиялги тексталъулъ рат1а гьаризе малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам | Хадурег1ел | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | цебет1езаби | | | |
| 32 | Междометие | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Междометиялъе баян кьей;<br>2. Междометиязул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Междометиял гъорлъ ругел предложениял бит1ун ц1ализе лъай | Междометиял-гун предложения г1уц1изе | | |
| 33 | Контролияб диктант. Милъиршаби | 1 | Х1асил гьаби | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул даража борци;<br>2. Ц1алдохъабазул хъвавул калам борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 34 | Каламалъул бут1аби такрар гьари | 1 | Х1асил гьаби | 1. Каламалъул бут1аби такрар гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Каламалъул бут1аби такрар гьаби | | |
| 35 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Малъараб материал такрар гьаби ва щула гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |

## 10 класс

Гьаб программаялъ X классалда рахьдал мац1 малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб цо саг1ат. Кинабниги к1иго лъаг1алида жаниб - 68 саглат. Т1асиял классазул программаялда рекъон, авар мац1алъул аслияб курс лъуг1ула V-IX классазда. Гьединлъидал XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материал алъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.

Программаялъ гъорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бут1аби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, бит1ун аби вабит1унхъвай, раг1ул г1уц1и, грамматика ва пунктуация.

## Дагъистаналъул адабият 10 класс

| №<br>п/п | Дарсазул<br>темаби | Саг1тазул къадар | Дарсил<br>тайпа | Дарсил<br>мурад | Рокъобе<br>х1алт1и | Планалъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ХАЛКЪИЯБ К1АЛЗУЛ ГЬУНАРАЛЪУЛ АСАРАЛ<br>Парту Пат1има Ганч1ил вас | 1 | Ц1ияб тема малъия-лъул ва малъараб щула гьабия-лъул дарс | 1. Дагъистаналъул миллатазул к1алзул поэзиялъул художествияб рахъалъ бечелъи лъазе;<br>2. Халкъиял асаразда жаниб къват1иса хъамалчаг1азда данде дагъистаниязул къеркьей бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби<br>1. Эркенлъи ц1унизе маг1арулал г1одосанго т1аде куцан г1ей;<br>2. Гьелъие г1илла ц1алдохъабазда бич1ч1и | Гьум.<br>3-13. Кесек рек1е хъе лъазабизе | | |
| 2 | Гьайбатай Бика. Айгъази. Надир-шагь щущахъ вихизави | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Маг1арул чи-чармил си вук1иналъе нуг1 вук1ин бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум.<br>15-24 | | |
| 3 | Бахтикал кеч1. Паризада Х1ажибала. Мискинлъи. Лирикиял куч1дул | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Жанисел т1адчаг1азул зулмуялда данде къеркьеялъул тема к1алзул асаразда рагьун бугеб куц бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Халкъияб лирикаялъул цебет1ей бихьизаби | Гьум.<br>24-30 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 4 | 18-19 Г1асрабазда хъвавулаб адабият Къудукьа Мусал Мух1амад. Маг1арда г1азу буго. Г1аймакиса Абубакарх1ажияв. Нахъа г1емер пашманлъила Г1урадаса Ибрагьимх1ажияв. Г1аздал ц1аха… Кудалиса Х1асан Ункъц1ул хисулеб дунял, Чи х1алалда толаро. Гьарак1униса Саг1ид. Х1амихъ маг1у, Метер ине къасд буго | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Авар мац1алда хъвавулаб литератураялъе кьуч1 лъурал чаг1и лъазе.<br>2. Гьезул насих1ат - куч1дул лъай; литератураялъе кьуч1 лъурал чаг1и лъазе;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 31-41 | | |
| 5 | 18 Г1АСРУЯЛЪУЛ 50-90 СОНАЗДА АВАРАЗУЛ ЛИТЕРАТУРА Инхоса Г1алих1ажияв Г1акълудал ралъад Г1адада ч1оге | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабия лъул дарс | 1. Поэтасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Г1алих1ажияс насих1атаб поэзия т1адег1анаб даражаялде бахинабураб куц бихьизаби;<br>3. Г1алих1ажиясул поэзиялъулъ лирика цебет1ей;<br>4. Г1адада г1умру тогеян, г1емер гьаби шарт1 гурилан – коч1ол аслияб пикру бук1ин бихьизаби;<br>5. Ц1алул бажари борхизаби;<br>6. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 42-50 Рек1е-хъе лъазабизе | | |
| 6 | Мукъур сурмияб микки. Гьурмадул берцинлъи г1ун | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Ч1ужуг1адан к1одо гьайи. Г1адатияй маг1арулалъул берцинлъи, недегьлъи, х1еренлъи, х1алт1улъ бажари, къо х1ехьей, къвак1и Г1алих1ажиясул лирикаялъулъ | Гьум. 50-52 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | гвангъун бицун бугеб куц бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | | | |
| 7 | Яс бечедасе кьезе бокьараздже.<br>Хъах1аб рас баккиялде<br>Кицабиял алфазал | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс<br>Малъараб г1амлъиза-биялъул дарс | 1. Бечедал чаг1азде, чияр гъин кваналел бечедазде, мискинзаби гуккулел будун-дибиразде, ниг1мат исрап гьабулезде, мехтун г1адаллъулезде поэтас хьваг1улеб сатирияб ц1ал;<br>2. Г1умруялъул диалектияб закон рагьулеб философияб асар бук1ин бихьизаби;<br>3. Г1алих1ажиясул поэзиялъул мац1алъул пасих1лъи, камиллъи, маг1наялъул гъварилъи, г1адатлъи, сипатияб раг1ул гьунар бихьизаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум.52-59<br>10 кици рек1ехъе | | |
| 8 | Чакар Юсупова.<br>Инхоса Г1алих1ажияв | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Г1алих1ажиясул творчествоялде бугеб рокьи жеги ц1ик1к1инаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум.<br>60-66 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Г1АЛИХ1АЖИЯСУЛ ЗАМАНАЛЪУЛ АВАРАЗУЛ ПОЭТАЛ Г1анхил Марин Чарчурал гъудузул мугъал рекизе. Дуда ч1ор реч1ч1аяв. Зигара буго. Хьаргабиса Мух1амадбег Г1онк1к1олги дирги ккараб. Бах1арзазде Сугъралъа Муртазаг1алих1ажияв Сибиралдаса кагъат. Ч1ик1аса Мух1амад Г1ухьбиги мутаг1илзабиги. Рокьул кеч1. Рах1маталъул бакъ щвана | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Бечелъиялъухъ г1ишкъу бичун босулезда, рокьуе хилиплъразда гьелъ ч1валеб г1айиб бихьизаби;<br>2. Рух1ияб эркенлъиялъе г1оло Г1анхил Мариница гьабураб къеркьей;<br>3. Хьаргабиса Бегиласул асаразулъ мискинлъиялъе ва эркенлъиялъе г1оло къеркьеялъул тема рагьи<br>4. 19 г1асруялъул к1иабилеб бащалъиялда авар халкъалъул г1умру бихьизаби;<br>5. Г1ухьби каки, мутаг1илзаби рецци, маг1арулай, г1адатияй, х1акъикъияй, цогиязда релълъинч1ейлъун лъугьинайи – Мух1амдил аслияб пикру бук1ин бихьизаби;<br>6.Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 67-83 | | |
| 10 | Элдарилав. Ч1охъдол ясалде. Росу берцин | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Шаг1ирасул асаразулъ ч1ужуг1аданалъул берцинлъиялъе, ц1одорлъиялъе, г1ишкъуялъе бет1ер къули - бищун т1адег1анаб дин бук1ин бихьизаби;<br>2. Бечедазул вах1шилъи, намус т1аг1ин каки;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 84-86 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | Х1Х Г1АСРУЯЛЪУЛ АХИРАЛДА ВА ХХ Г1АСРУЯЛЪУЛ АВАЛАЛДА АВАР ЛИТЕРАТУРА Ч1анк1а (Бакьайч1иса Тажудин). Гулишатиде Гьарак1унисей. Т1аде маг1арухъе яхине анищ! | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Шагьирасул рокьул куч1дузулъ маг1арулалъул образ рагьи, рух1ияб бечелъи, г1ищкъул гьайбатлъи, мац1алъул пасих1лъи бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 87-96 | | |
| 12 | Хъах1абросулъа Мах1муд. Макьу Эбелги ясги. | 1 | Ц1ияб тема малъи Ц1ияб тема малъи | 1. Мах1мудил г1умруялъул ва хъвадарухъанлъиялъул баян кьезе;<br>2. Рокьуе гурони лагълъи гьабизе ккунгут1и коч1олъ ах1и;<br>3. Шаг1ирасул поэзиялъул ц1илъи, маг1наялъул гъварилъи, мац1алъул пасих1лъи бихьизаби<br>4. Куч1дузулъ пикруялъулги х1асраталъулги х1алуцин, рек1ел х1ал борцине т1абиг1аталъул берцинлъиялдаса пайда боси;<br>5. Диналъ, шариг1аталъ гьукъараб ч1агояб г1умруялъул рохел, аваданлъи, инсанасул рух1иял т1алабал, х1асрат, къеркьей ц1унулеб ярагъ х1исабалда Мах1мудица лирикияб кеч1 цебет1езаби | Гьум. 97-112 | | |
| 13 | Марям | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Шаг1ирас рек1ел х1ал борцине т1абиг1аталдаса пайда боси;<br>2. Рокьуе гурони лагълъи гьабизе ккунгут1и коч1олъ ах1ун бугеб куц бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 112-116 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 14 | Г1ищкъул ц1еца Рек1ел гьаваялъул гьундул рихханин | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Мах1мудил ва Ч1анк1ал творчествоялда романтизм ва реализм;<br>2. Рокьуе хилиплъунгут1и бихьизаби;<br>3. Куч1дузулъ пикруялъулги х1асраталъулги х1алуцин бихьизаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 116-132 | | |
| 15 | Ч1АНК1АЛ ВА МАХ1МУДИЛ ЗАМАНАЛЪУЛ ПОЭТАЛ<br>Т1елекьа Этил Г1али Билараб г1акдаде. Гьудуласде<br>Кьохъа Мух1амад Раг1и к1одо, к1ал г1емер. Эркенлъи<br>Инхелоса Къурбан. Рокьул кеч1. Кундуховасде | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Шаг1ирзабазул асаразулъ маг1арулазул г1умруялъул сурат, эркенлъиялде ц1айи загьирлъи;<br>2. Шаг1ирзабазул асаразулъ маг1арулазул г1умруялъул сурат, эркенлъиялде ц1айи загьирлъи;<br>3. Шаг1ирзабазул лирикаялъул хаслъи, гьезул асаразулъ маг1арулазул г1умруялъул сурат, эркенлъиялде ц1айи загьирлъи;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 133 -146 | | |
| 16 | ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ ЛИТЕРАТУРАЯЛДАСА<br>Кочхюралдаса Саг1ид. Мурсалханасе наг1ана. Дир къисматалъул гьоко | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Мискинхалкъалъул г1умру, рук1а-рахъин гьесул куч1дузулъ ах1ун бугеб куц бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 147-149 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | Ятим Эмин. Огь, нилъер г1умру. Гьаб дунял<br>Кумек ах1и. Дие рак1бати гьабулезде | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Эминил г1умрудул ва творчествоялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Бечедаздаги мискинзабаздаги гьоркьоб шаг1ирас ч1валеб рух1ияб г1урхъи бихьизаби;<br>3. Эминил г1умрудул г1унгут1аби къват1ир ч1вазаризе бугеб махщел бихьизаби<br>4. Шаг1ирас асаразулъ обществияб г1уц1и ва мискинхалкъалъе бугеб г1азаб какулеб куц бихьизаби;<br>5. Миллияб эркенлъиялъе г1оло гьабураб къеркьеялъулъ къеялда ва жанисеб зулму ц1ик1к1иналда бан Эминил куч1дузулъ ахирал соназда дунялалдаса рак1 буссарал пашманал бакънал раг1изе лъугьи бихьизаби;<br>6. Ц1алул бажари борхизаби;<br>7. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 150-153 | | |
| 18 | Эминил васигат. Огь, панаяб дуниял Гьудулзабазде | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Миллияб эркенлъиялъе г1оло гьабураб къеркьеялъулъ къеялда ва жанисеб зулму ц1ик1к1иналда бан Эминил куч1дузулъ ахирал соназда дунялалдаса рак1 буссарал пашманал бакънал раг1изе лъугьи бихьизаби;<br>2. Эминил куч1дузулъ ахирал соназда дунялалдаса рак1 буссарал пашманал бакънал раг1изе лъугьи бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 153-156. Васият рек1е хъе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 19 | ЯТИМ ЭМИНИЛ ЗАМАНАЛЪУЛ ЛЕЗГИЯЗУЛ ПОЭТАЛ МАЗАЛИСА Г1АЛИ Дир ват1ан. Ханасде Ахтиса Х1ажи. Х1алт1ухъанасул кагъат. Бице | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Рес къот1иялъ бет1ербахъиялъе къват1ире рахъине ккарал мискинзабазул угьди-зигарди бихьизаби;<br>2. Ахтиса Х1ажил х1акъалъулъ къокъабго баян кьезе;<br>3. Рес къот1иялъ бет1ербахъиялъе къват1ире рахъине ккарал мискинзабизул угьди-зигарди бихьизабун бугеб куц цебеч1езабизе;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 157-161 | | |
| 20 | Лъараг1азул адабияталдаса. Йирчи Гъазахъил г1умру ва хъвадарухъанлъи Сибиралдаса кагъат | 1 | Ц1ияб тема малъи | 1. Йирчи Гъазахъил г1умрудул ва хъвадарухъанлъиялъул х1акъалъулъ г1аммаб баян кьехзе;<br>2. Пачаясул туснахъазда бугеб х1алалъул х1акъикъат рагьун бугеб къаг1ида бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Йирчи Гъазахъил г1умру ва хъвада ру-хъан лъи Гьум .162-163 | | |
| 21 | Бихьинчи кинав вук1ине колев Бат1ияб мех | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Шаг1ирасул куч1дузулъ мискинзабазе бугеб зулму, бечедаз гьезул гьин ц1улеб бугеб куц загьирлъи бихьизабизе;<br>2. Куч1дузулъ мискинхалкъалъул кьог1аб г1умру, гьезул рух1ияб бечелъи бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 163-166 | | |
| 22 | Г1акъиласул сабру биххуларо. Асхар-тау | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Куч1дузулъ мискинхалкъалъул кьог1аб г1умру, гьезул рух1ияб бечелъи бихьизабизе шаг1ирасул бугеб гьунар лъай;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 166-167 | | |
| 23 | Йирчи Гъазахъил заманалдаса хадуб лъараг1азул литература. | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Куч1дузулъ мискинхалкъалъул рух1ияб бечелъи, дунялалда гьеч1еб рит1ухълъи бихьизаби;<br>2. Лъараг1азул г1адатазде, рук1а-рахъиназде | Гьум. 168-169 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Мух1амад-Апанди Г1усманов. Къоял бат1иял руго. Ях1. Т1агъур лъуравщинав чи. Узденчиясул боц1и | | | к1вар кьей;<br>3. Пачаяс т1ад тарал ц1иял х1акимзабазул инжитаб г1адлу-низам, чамг1алаб рук1а-рахъин, хъант1и, рух1ияб язихълъи къват1иб ч1вазаби | | | |
| 24 | Манай Г1алибеков. Нижер т1адчаг1и. Х1акимзабазул ишал. Аксаялъул ясазул г1арз. Зайнулг1абид Батирмурзаев. Халкъалъул цевехъанасде. Къокъа радалго анна. Рогьалил ц1ва | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Шаг1ирзабазул эркенлъи босизе, революцияб къеркьеялде ах1и бан, хъварал куч1дул рук1ин лъазе<br>2. Пачаяс т1ад тарал х1акимзабазул инжитаб г1адлу-низам, чамг1алаб рук1а-рахъин, хъант1и, рух1ияб язихълъи куч1дузулъ къват1иб ч1вазаби; | Гьум. 170-174 | | |
| 25 | Батирай. Даргиязул адабияталдаса Батырай. Рокьул куч1дул Бах1арчиясул х1акъалъулъ.<br>Дица кеч1 кин ах1илеб? Дица кеч1 ах1улаан | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Батирайил г1умруялъул ва творческияб нухалъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Лирикиял куч1дузулъ асаралъул х1алуцин, г1ишкъуялъул нухда дандч1валел зах1малъаби, ч1ужуг1адан к1одо гьайи<br>3. Шаг1ирасул куч1дузулъ рит1ухълъиялъе г1оло къеркьолев бах1арчиясул романтикияб хасияталъул образ рагьи;<br>4. Шаг1ирас ахираталде х1адурлъиялъул т1алабазде данде ч1ун, ч1агояб г1умруялъул гьайбатлъи коч1олъ ах1и;<br>5. Ц1алул бажари борхизаби;<br>6. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 175-177 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 26 | Дир бадиб хьухь лъугьана. Доб борхатаб маг1арда. Дидего гьабураб Рохьор г1аркьалабиг1ан. Жиб алмасалъ ц1ер г1адин. Бечедасде. Векьарухъанасде | 1<br>1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Бечедал чаг1азул хъант1и, инжитлъи, инжитаб г1адлу–низам куч1дузулъ бихьизаби;<br>2. Мискинзабазул би ц1улеб обществияб г1уц1и куч1дузулъ какун бугеб куц бихьизаби;<br>3. Куч1дузулъ бечедаз мискинзабазе гьабулеб зулму, бечедазул хъант1и бихьизаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум.<br>178-184 | | |
| 27 | Батирайил заманалъул даргиязул поэтал (обзор)<br>Мунги Ах1мад Шамилил суд. Мадам | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул ва малъараб щула гьабиялъул дарс | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул ва творчествоялъул баян кьезе<br>2. Имам Шамилил г1акълуялъул камилъи бихьизаби;<br>3. Наибасул кьвари бихьизаби. Г1ин гьеч1ев наибасе ц1арги реццги хут1и бихьизаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум.<br>185-186<br>Рек1е хъе лъазабизе | | |
| 28 | Хашагиса Бецав Къурбан. Мискинав Шахул яс. Зиявудин –Къади. Гьудулалъухъе кагъат | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул ва творчествоялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Коч1олъ революциялда цебе ч1ужуг1аданалъул бук1инч1еб ихтияр, берцинлъи гьелъие балагь бук1араблъи бихьизаби;<br>3. Даргиязул поэзиялда жанибги;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум.<br>187-191 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 29 | Лаказул литератураялдаса Х1асан Гузунов. Г1унк1к1ги ц1улакьоги Къуркълиса Щаза. Къокъал куч1дул. Саг1ид Габиев. Анищ. Мурад | 1<br>1 | Ц1ияб тема малъия-лъул дарс<br>Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Х1асан Гузуновасул г1умрудул ва хъвадарухъанлъи-ялъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьезе;<br>2. Байбихьуда ургъич1они, ахир г1одизе кколила, - коч1ол аслияб пикру бук1ин лъай;<br>3. Басняялъул, сатираялъул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби<br>1. Шаг1иралъул г1умруялъул ва творчествоялъулъ х1акъалъул къокъабго баян кьезе;<br>2. Талих1 гьеч1еб рокьул, маг1арулалъул кьог1аб г1умруялъул, г1адамазул рек1к1алъул х1акъалъулъ шаг1иралъул аслияб тема бук1ин лъай;<br>3. Зулму т1аса рехизе халкъ ах1ун, гьелъул къисматалъул ургъел т1аде босун, шаг1ирас ах1арал ку1дул рук1ин лъай | Гьум.<br>192-197 | | |
| 30 | Гьарун Саг1идов. Гъалайчаг1и | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Бет1ербахъиялъе къват1ире рахъине ккарал мискинхалкъалъул кьог1аб г1умру асаралъулъ бихьизаби, гьел зулму т1аса рехизе ах1и-хъвадарухъанасул аслияб тема бук1ин бихьизаби | Гьум.<br>198-210 | | |
| 31 | Гъалайчаг1и | 1 | | 1. Бет1ербахъиялъе къват1ире рахъине ккарал мискинхалкъалъул кьог1аб г1умру асаралъулъ бихьизаби, гьел зулму т1аса рехизе ах1и-хъвадарухъанасул аслияб тема бук1ин бихьизаби | Гьум.<br>210-222 | | |
| 32 | Табасараназул литератураялдаса Къалухъа Мирза. Ханасе жаваб. Айгъиралде Халкъалде ах1ибай. Г1ащикъ-булбул | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул дарс | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул ва творчествоялъулъ х1акъалъул къокъабго баян кьезе;<br>2. Хъант1арал ва вах1шиял ханзаби какарал, эркенлъиялде, цолъиялде халкъ ах1арал шаг1ирасул куч1дул, г1умруялъул кьог1аб х1акъикъат бихьизаби<br>3. Ц1алул бажари борхизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум.<br>222-224 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 33 | Гъвандик Жигер. Зах1матаб заман. Татилалдаса Уруж. Ле мискин | 1 | Ц1ияб дарс малъиялъул дарс | 1. Мискинхалкъалъул анищал т1уразе бугеб хьул бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Гьум. 225-226 | | |
| 34 | Революциялда цебесеб заманалда Дагъистаналда г1емермиллатазулаб литературияб система лъугьин | 1 | Г1амлъиза-биялъул дарс | | | | |

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ 10 классалъул**
**ц1алдохъабазда церелъолел аслиял т1алабал**

Ц1алдохъаб азда лъазе ккола:

- эркенлъиялъе г1оло гьабураб маг1арулазул къеркьеялъулги ада- бияталъулги хурхен ч1езабизе;
- лъазарурал асаразда жаниб тарихиял хаслъаби ратизе;
- лъазарурал асаразул композиция, сюжет ва сипатал г1уц1араб тартиб;
- лъазарурал асаразул аслиял багьадуразул г1амал-хасияталъул г1аммаб к1вараль ул бицине;
- лъазарурал асаразул жанралъулал хаслъаби ратизе;
- критикиял макъалабазда лъазарурал асаразе къимат кьезе;
- программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизарурал текстал рек1ехъе лъазе;

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипатал цереч1езаризе;
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;
- лъазабулеб асаралда жаниб, багьадуразул сипатазул ва сипатияб каламалъул к1вар рагьизе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипат-сура- тал цереч1езаризе;

**I**

- идеябгун-художествияб хаслъиги х1исабалде босун, асаралъул тайпа ч!езабизе. (эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб кколебали);
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;

-малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, г1уц1иялъул, героязул об- разазул ва сипатияб каламалъул идеябигун художествияб к1вар рагъизе;
- асаралъул идеяб маг1на рагъизе героясул бугеб к1вар ва авторас гьесие кьолеб къимат батизе;
- асаралъул ва гьелъул героязул х1акъалъулъ лъугьараб жиндирго) пикру кьуч1аблъун гьабизе;
- художествйял, общественниябгун-политикиял, гьединго литера- турияб критикаялъулал текстал бит1ун, дурун, раг1ун ц1ализе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- зах1маталъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда ва малъарал асаразда т1асан);
- общественниябгун-политикияб ва литературияб критикаялъулал макъалабазул къокъаб х1асил хъвазе, гьезие план г1уц1изе;
- цо литературияб асаралда т1асан доклад яги къокъаб к1алъай х1адуризе.

# Авар мац1 11 класс

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Программаялъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялъе ва раг1абазул дандраялъе баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 5. Гьум.7-12 | 7.09.2023 | |
| 2 | Раг1абазул дандраязулъги предложениязулъги раг1абазул бухьен | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бухьеназе баян кьезе;<br>2. Предложениязулъ бухьенал рат1а гьаризе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | § 6. Гьум.12-14 | 14.09.2023 | |
| 3 | Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул | 1 | Ц1ияб дарс | 1. Тартиб ц1унун, предложениял г1уц1изе | § 7. Гьум.15-16 | 21.09.2023 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | тартиб | | малъи | малъи;<br>2. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | | | |
| 4 | Хабариял, суалиял, т1алабиял предложениял. Ах1ул предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хабариял, суалиял, т1алабиял предложениязул баян г1амлъизаби;<br>2. Цоялдаса цояб бат1а гьабизе лъай | § 9. Гьум.18-19 | 28.09.2023 | |
| 5 | БетІерал ва бетІерал гурел членал. Подлежащее | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялъул членал рак1алде щвезари;<br>2. Подлежащеелъул баян г1ат1ид гьаби;<br>3. Предложениязда жанир подлежащее батизе ц1алдохъабазда лъай | Подлежащее | 5..10.2023 | |
| 6 | Сказуемое.<br>Бит1араб дополнение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Сказуемоелъул ва бит1араб дополнениялъул баян г1ат1ид гьаби;<br>2. Предложениязда жанир гьел ратизе лъай | Сказуемое. Бит1араб дополнение | 12..10.2023 | |
| 7 | Хъвалсараб дополнение. Определение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хъвалсараб дополнениялъе ва определениялъе баян кьей;<br>2. Предложениязда жанир гьел ратизе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Предложени-ялъул членал такрар гьаризе | 19.10.2023 | |
| 8 | Х1ал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Х1алазул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби;<br>2. Предложениязда жанир гьел ратизе лъай | § 20-24 Гьум.46-51 | 9.11.2023 | |
| 9 | Контролияб диктант. Ч1ег1ер нохъо | 1 | | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби | 16.11.2023 | |
| 10 | Тайпа цоял членал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Тайпа цоял членазул х1акъалъулъ цебе малъараб лъай г1амлъизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Тайпа цоял членалгун 5 предл. г1уц1изе ва разбор | 23.11.2023 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | гъабизе | | |
| 11 | Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Тайпа цоял членалгун цадахъ г1амлъул раг1абазда лъалхъул ишараби лъезе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 5 предл. г1уц1изе | 30.11.2023 | |
| 12 | Обращение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Обращениялъул х1акъалъулъ цебе малъараб материал г1амлъизаби;<br>2. Обращениялгун предложениял г1уц1изе лъай | Диалог г1уц1изе | 7.12.2023 | |
| 13 | Гьоркьор колел рагIаби ва предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Гьоркьор кколел раг1абазе ва предложениязе баян кьей;<br>2. Цебе малъараб материал г1амлъизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 35. Гьум.69-71 | 14.12.2023 | |
| 14 | ХитIабалъул, гьоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гьелгун лъалхъул ишараби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хит1абалъул, гьоркьор колел раг1абазул ва междометиязул к1варальул бицине. Гьел каламалъулъ х1алт1изаризе ругьун гьари;<br>2. Гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари | § 36. Гьум.72-73 | 21.12.2023 | |
| 15 | Калам цебетIезаби. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебетIез аби | 1. Ц1алдохъабазда эбелалъул гъадароялъул къимат к1удияб бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. К1алзул калам цебет1езаби | Изложения-лъе х1адуризе | 28.12.2023 | |
| 16 | Изложение. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебетIез аби | 1. Ц1алдохъабазда эбелалъул гъадароялъул къимат к1удияб бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби | 11.01.2024 | |
| 17 | БитIараб калам | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бит1араб каламалъул баян г1ат1ид гьаби;<br>2. Бит1араб каламгун | § 41. Гьум.82-85 | 18.01.2024 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | предложениял г1уц1изе лъай;<br>3. Гьелъулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари | | | |
| 18 | Хъвалсараб калам | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бит1араб калам хъвалсаралде хисизе малъи;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Диалог г1уц1изе | 25.01.2024 | |
| 19 | Жубараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Жубараб предложениялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул бич1ч1и г1амлъизаби;<br>2. Журарал предложениял г1уц1изе ругьун гьари | Гьум.99-101 | 1.02.2024 | |
| 20 | Жубараб сокIкIараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Жубараб сок1к1араб предложениялъе баян кьезе;<br>2.Сок1к1иналъул союзазе баян кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | § 45. Гьум.101-105 | 8.02.2024 | |
| 21 | Союзал гьеч1ел предложениязулъ запятая, т1анк1гун запятая, к1ит1анк1, тире | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Журарал сок1к1арал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 47-49. Гьум.109-113 | 15.22.2024 | |
| 22 | Журарал нахърилълъарал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Журарал нахърилълъарал предложениязе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Гьум.114-115 | 29.02.2024 | |
| 23 | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Нахърилълъина-лъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 50. Гьум.115-117 | 7.03.2024 | |
| 24 | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Нахърилълъина-лъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе ц1алдохъаби | § 51. Гьум.117 | 14.03.2024 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 25 | Нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Нахърилълъина-лъул раг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениял г1уц1изе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 52. Гьум.119 | 21.03.2024 | |
| 26 | Калам цебетIезаби. Ишалъул кагътал | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Г1арза, автобиография, протокол хъвазе малъизе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Протокол хъвазе | 4.04.2024 | |
| 27 | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул г1уц1иялъул бициней4<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 63. Гьум.141-143 | 11.04.2024 | |
| 28 | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Г1амлъия-лъул | 1. Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул разбор гьабизе лъай | § 5. Гьум. | 18.04.2024 | |
| 29 | Союз гьечIел журарал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Союз гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари;<br>2. Союз гьечIел журарал предложениял ц1ализе ругьун гьари | 3 предл. г1уц1изе | 25.04.2024 | |
| 30 | Союз гьечIел журарал предложениял | 1 | | 1. Союз гьечIел журарал предложениязул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2 предл. разбор гьабизе | 16.05.2024 | |
| 31 | Контролияб диктант | 1 | | 1. Ц1алдохъабазул | Малъараб | 23.05.2024 | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъезе бугеб лъаялъул даража борци | материал такрар гьабизе | | |
| 32 | Жубараб предложение. Такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Цебе малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Жубараб предложени е | 30.05.2024 | |
| 33 | Предложениялъул членал. Такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Предложениялъул членал рак1алде щвезари. Предложениязулъ гьел ратизе лъай4<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби | 30.05.2024 | |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | 30.05.2024 | |

## 11 класс

Гьаб программаялъ Х1 классалда рахьдал мац1 малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб цо саг1ат. Кинабниги к1иго лъаг1алида жаниб - 68 сагlат. Т1асиял классазул программаялда рекъон, авар мац1алъул аслияб курс лъуг1ула V-IX классазда. Гьединлъидал XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материал алъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.
Программаялъ гъорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бут1аби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, бит1ун аби вабит1унхъвай, рагlул г1уц1и, грамматика ва пунктуация.

Дагъистанальул адабият 11 класс

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Плана лъулаб къо-моц1 | Х1ужжая лъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 1917-1945 соназда Дагъистаналъул советияб адабият. Хурухъанасе насих1ат. Таргъу-мег1ер. Херлъизе рег1ун гьеч1о. Мах1ач. Ват1ан | 1 | 5.09.2023 | |
| 2 | Х1абибат ва Х1ажияв. Чирмакъолол г1арз. Кири. Баг1араб рогьел. Милъиршодул кеч1. Баг1арав партизан | 1 | 12.09.2023 | |
| 3 | Сулахъалънуг1лъи гьабула. Хъабчилъ бах1арзал | 1 | 19.09.2023 | |
| 4 | Ст1ал Сулейман. Эркенлъи. Муллабазде. Бечедал – чиновникал<br>ХIалтIухъан | 1 | 26.09.2023 | |
| 5 | Нилъер къуват. Комсомол. Октябралде | 1 | 3.10.2023 | |
| 6 | Ц1адаса Х1амзат ГIисинил гьвел кечI. Советазде щал рищизе колел? | 1 | 10.10.2023 | |
| 7 | ХIамабагьадурлъи. МагIарул росабазде дандеккун, Москваялъул гIунгутIаби | 1 | 17.10.2023 | |
| 8 | Сочинение «ЦIадаса ХIамзат – дир хирияв поэт» | 1 | 24.10.2023 | |
| 9 | Заид ХIажиев Тушманасе хвел. Маххул къебелъухъ. ТIогьол магIдан | 1 | 7.11.2023 | |
| 10 | Ч1агояб экран | 1 | 14.11.2023 | |
| 11 | ГIазиз Иминагъаев Дибирги ясги. Тушман тIагIинавизин Бергьенлъи нилъехъ букIина | 1 | 21.11.2023 | |
| 12 | Эфенди Капиев. Гуч | 1 | 28.11.2023 | |
| 13 | АбутIалип Гъапуров. Баси. Дида бичIчIана. ДугIа | 1 | 5.12..2023 | |
| 14 | ГIакъилал рагIаби. МугIрул. Катил хIеж | 1 | 12.12.2023 | |
| 15 | Абумуслим Жафаров. ЧIагоял рукъуларо | 1 | 19.11.2023 | |
| 16 | Куркьбал ругеб хъачагъ | 1 | 26.12.2023 | |
| 17 | 1946-1990 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият. Маг1арухъ тараб рак1 | 1 | 16.01.2024 | |
| 18 | Росдал къебелъухъ. Ракълил танк. Рит1уч1. Нухлулав. Гъасда. Кьо. Маг1арулав ватани | 1 | 23.01.2024 | |
| 19 | Буран. Огниялда. Хъизаналъул иш | 1 | 30.01.2024 | |
| 20 | Лъукъараб кеч1. Рак1алъ ц1а гъолеб буго. Дун | 1 | 6.02.2024 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | разияб къо. Вореги чанахъан. Маг1арул чи-чармил си. Кьенсдерил г1уруххъ | | | |
| 21 | Расул ХIамзатов Хъулбузул хIакъалъулъ. Васигат | 1 | 13.02.2024 | |
| 22 | Гъудулзаби цIуне! КечIалин щайгурин, щибаб рагIиги. Какил сагIат | 1 | 22.02.2024 | |
| 23 | Дун дандчIвазе ккола чIужугIадангун къаси. Рокьи бач1ана. Инсулгун гара – чIвари | 1 | 27.02.2024 | |
| 24 | АхIмадхан Абу-Бакар. ХъахIаб сайгак | 1 | 5.03.2024 | |
| 25 | Муса МухIамадов «Бакъдасел» | 1 | 12.03.2024 | |
| 26 | «Бакъдасел» Ч1ег1ераб гамач1 | 1 | 19.03.2024 | |
| 27 | Аткъай. РитIучIил лъльурдул | 1 | 26.03.2024 | |
| 28 | Дун чIухIула | 1 | 9.04.2024 | |
| 29 | Фазу ГIалиева. Кьолбол мугъру | 1 | 16.04.2024 | |
| 30 | Кьолбол мугъру | 1 | 23.04.2024 | |
| 31 | Мут1алиб Митаров. Чагуралъул къиса | 1 | 30.04.2024 | |
| 32 | Хизгил Авшалумов.Вас. Дербенталдаса Шимил харбаздасан. ХIамалъун ана, хIамалъун вуссана | 1 | 7.05.2024 | |
| 33 | Диплом босараб хIама. ЩайтIан… МухIамад АхIмадов. Эркенаб гIакълу | 1 | 14.05.2024 | |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | 21-28. 05.2024 | |

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ 11 классалъул ц1алдохъабазда церелъолел аслиял т1алабал**

Ц1алдохъабазда лъазе ккола:

- эркенлъиялъе г1оло гьабураб маг1арулазул къеркьеялъулги ада- бияталъулги хурхен ч1езабизе;
- лъазарурал асаразда жаниб тарихиял хаслъаби ратизе;
- лъазарурал асаразул композиция, сюжет ва сипатал г1уц1араб тартиб;
- лъазарурал асаразул аслиял багъадуразул г1амал-хасияталъул г1аммаб к1вараялъул бицине;
- лъазарурал асаразул жанралъулал хаслъаби ратизе;
- критикиял макъалабазда лъазарурал асаразе къимат кьезе;
- программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизарурал текстал рек1ехъе лъазе;

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипатал цереч1езаризе;
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;

- лъазабулеб асаралда жаниб, багьадуразул сипатазул ва сипатияб каламалъул к1вар рагьизе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипат-сура- тал цереч1езаризе;

**I**

- идеябгун-художествияб хаслъиги х1исабалде босун, асаралъул тайпа ч!езабизе. (эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб кколебали);
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;

-малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, г1уц1иялъул, героязул об- разазул ва сипатияб каламалъул идеябигун художествияб к1вар рагьизе;

- асаралъул идеяб маг1на рагьизе героясул бугеб к1вар ва авторас гьесие кьолеб къимат батизе;
- асаралъул ва гьелъул героязул х1акъалъулъ лъугьараб жиндирго) пикру кьуч1аблъун гьабизе;
- художествйял, общественниябгун-политикиял, гьединго литера- турияб критикаялъулал текстал бит1ун, дурун, раг1ун ц1ализе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- зах1маталъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда ва малъарал асаразда т1асан);
- общественниябгун-политикияб ва литературияб критикаялъулал макъалабазул къокъаб х1асил хъвазе, гьезие план г1уц1изе;
- цо литературияб асаралда т1асан доклад яги къокъаб к1алъай х1адуризе.